Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarı ha'm Orta arnawlı

bilimlendiriw ministrligi

*Qaraqalpaq ma'mleketlik universiteti*

QARAQALPAQ FILOLOGIYA FAKULTETI

# Referat

Tema: **Qam – Bura uli Bamsi Biyrek haqqinda jir**



Orınlag'an: Xojambergenova.D

Qabıllag'an: **Низаматдинов.Ж**

No'kis **w0qe -**j

# Joba:

I. Kirisiw

II. Tiykarg’i bo’lim

1. Bamsi Biyrek qaharmanliq haqqindag’i da’stan
2. Bamsi Biyrektin’ patryotizm ha’reketleri
3. Eldin’ birligi ha’m abadanlig’i ushin alip barg’an isleri.

III. Juwmaqlaw

Paydalanilg’an a’debiyatlar

Internet materiyallari

## Qam – Bura uli Bamsi Biyrek haqqinda jir

### *(qisqasha mazmuni)*

Qorqit ata kitabinin’ bul bo’limindegi Bamsi Biyrek jiri onin’ syujetlik du’zilisi ha’m kompazitsiyaliq qurilisi jag’inan «Alpamis» da’stanina og’ada jaqin keledi. Olay dep aytiwimizdin’ ma’nisi tu’rk tilles xaliqlar folklorinda ko’p tarqalip ketken da’stanlar erte da’wirlerdegi belgili bir syujetler tiyarinda quralg’anlig’i ma’lim.

Sonin’ ushinda Bamsi Biyrek «Alpamis» da’stanina en’ basil syujet bolg’anlig’i bizdi hesh qanday gu’manlandirmaydi. Sebebi Alpamis da’staninin’ erte da’wirdegi atlari: «Bamsi», «Bamis», «Mamis», «Alp Mamis» son’in ala «Alpamsha», «Alpamis» bolip o’zgergen. Ol jag’in aytpag’anda da tap usi da’standag’i Qam Buralinin’ ati Baybo’ri- dep te qosarlanip qollanila beredi.

Al endi usi jierdin’ syujeti menen tanisip ko’reyik:

Ulli ma’rtebeli Bayandurxan jerdin’ ju’zin toltirip, shatirlarin tiktirip, min’ jerge jipek g’ali gilemler to’setip, ishki ha’m sirtqi og’uzlardin’ beklerin u’lken toyg’a shaqiradi. Bul toyg’a Baybo’ri degen qartta keledi. Ol Bayandurxannin’ u’rim-putag’in ko’rip o’zinin’ perzentsiz ekenligi esine tu’sip, jilap siqlap ko’zinin’ jasin to’gedi.

Sonda Bayandurxannin’ ku’yew balasi Salar Qazan (Qazanbek) onnan soraydi:

- Baybo’ri bek, nege bozlap jilaysan’? – deydi.
- A’y Qazanbek, men nege bozlap jilayin. Jalg’iz attin’ dan’qi shiqpaydi degen. Qartaydim. Alla meni g’arg’ag’an eken. Eger menin’ ulim bolg’anda Bayadurxannin’ on’ jag’inda turmaspa edi? Ol menin’ su’yenishim, quwanishim, maqtanishim bolmas pa edi? Bul so’zdi esitken toyda otirg’an ka’tqudalardin’ ba’ride qollarin ko’kke jayip:

- Tan’irim sag’an ul bersin – dedi. Usi waqitta u’nsiz jerge tigilip otirg’an Biyjan g’arri ta’n’iriden bir qiz soradi.
- Ta’nirim! Bunin’da tilegin orinlag’aysiz dedi og’uz ka’tqudalari. Solay etip Baybo’ri ulli boldi Biyjan degen bek qizli boldi. Qizinin’ atin Baniw Sheshek qoydi. So’ytip, Baybo’ri menen Biyjanbek balsi menen qizin atastirip aqilay quda boldi. Baybo’rinin’ balasi Arislanday aybatli, jolbaristay g’ayratli er bolip o’sti. At minip an’g’a shig’adi, talay erlikler ko’rsetedi. Jasi 15 ke jetkende Baybo’ri u’lken toy beredi. Toyg’a Qorqit ata keledi. Onin’ balasinin’ atin Qorqit ata Bamsi dep qoyadi.

Bamsi Biyrek shubar atina minip an’g’a shig’adi aldinan bir talay kiyik shig’adi Bamsi birewinin’ izinen quwadi. Quwa-quwa aqirinda bir jaqlarg’a shig’inip ketedi. Bir jerlerge kelgende bir qizilli ko’k shatirdi ko’redi. Shatirg’a barip un’ilse ishinde bir suliw qiz otir eken. Bul qiz atastirip qoyg’an Banu Sheshek edi. Biraq, buni Bamsi Biyrek bilmes edi.

Baniw Sheshek jigittin’ ne maqset penen kelgenin biliw ushin jen’gesi Qisirshani jumsaydi. Qisirsha jen’ge batirdan jol bolsin soraydi. Jigit o’zinin’ kim ekenligin tanistirip, ishte otirg’an ariwdi ko’riw ushin kelgenin aytadi. Sol kezde shatirdin’ ishinen bir suliw qiz shig’ip: «Men Baniwdin’ saqshisi bolaman, u’sh tu’rli sha’rtim bar: menin’ menen an’g’a shig’asan’, atimnan atin’ ozip kelse: sadaqti menen alisqa tartsan’: gu’rete meni jiqsan’» - onda Baniw Sheshek seniki boladi deydi.

So’ytip ekewi an’g’a shig’adi. Batirdin’ ati ba’ygiden ozip tartqan og’i alisqa tu’sedi. En’ son’inda ekewi gu’resip birin-biri alalmay uzaq gu’resedi. Aqirinda jigit qizdin’ jawirinin jerge tiygizedi. Bul jerge Baniw da kelip tamashalap turg’an edi. baniw batirdin’ jen’iske eriskenin ko’rip sol gezde «Baniw Sheshek» men deydi. Ekewinin’ arasinda su’yispenshilik belgisi retinde Bamsi qolindag’i ju’zigin sheship qizdin’ qolina saladi.

Bamsi Biyrek qiz benen qoshlasip u'yine kelip u'ylengisi kelgenligin aytadi. Baybo'ri eli menen ken'esip qizdin' qolin sorap sawshiliqqa Qorqit atani jiberedi.

Bul gezde Baniw Sheshektin' tentek ag'asi Qarshar shatir tigip o'zinin' joldaslari menen el shetinde otir eken. Qorqit ata qol qawistirip, bas iyip sa'lem beredi.

- Qarshar awzi ko'pirip:
- Menin' jerimdi ruqsatsiz tiri ja'n basip ko'rgen joq, seni a'jel aydap keldi me? – dep dopiladi.
- Senin' aydan aniq ku'nnen jariq qarindasin' Baniw Sheshekti Bamsi Biyrekke aytirip keldim, - deydi Qorqit ata.
- Ashiwshi Qarshar:
- Burag'a (erkek tu'ye) sho'kpegen min' tu'ye, biyege shiqpag'an min' at, qashpag'an min' qoy, qulaqsiz, quyriqsiz min' iyt a'kelip bersen'iz g'ana Baniwdi alasan' dep sawshiliqqa kelgenleri keri qaytaradi.

Qorqit ata Baybo'rige kelip, Qarshar talap etken qalin' maldi aytadi. Baybo'ri barliq qalin' maldi tawip Qarsharg'a aparip beredi. Solay etip Bamsi Biyrek penen Baniw Sheshekti qosadi. Ol gezleri u'ylengen jigit sadaq tartip, sadag'inin' og'i jetken jergi shatir tiktirip toydi sol jerde o'tkeredi eken. Da'stu'r boyinsha Bamsi Biyrekte og'i tu'sken jerge shatir tiktirip u'lken toy bermekshi boladi.

Bul toydin' xabari elden elge tarap Ga'wirler beginin' qulag'ina shalinadi. Olar jeti ju'z adami menen kelip tu'n ortasinda uyqida jatqan Bamsi Biyrekti baylap alip ketip qaladi. Baybo'ri menen kempiri erten'ine turip qarasa toyg'a tikken shatir joq, to'besinde aylanip uship ju'rgen quslardi g'ana ko'redi. Baybo'ri ha'siretten qan qusip, kempiri betin jirtip shashin juladi. U'yde ku'lki tiyilip jeti qarindasi menen juptisi Baniw qara jamiladi. Suwiq xabar tez tarap Bamsi Biyrekten' eli azali ku'nlerdi basinan keshiredi.

Qullasi, qayg'ili jillar jiljip o'tip Bamsi Biyrekke degen jurttin' u'miti birotalla u'ziledi. Aradan on alti jil o'tken son' qizdin' ag'asi Qarshar: «kimde kim Bamsi Biyrektin' o'li – tirisin bilip kelse, sog'an qarindasimdi beremen» - dep jar saladi. Bul so'zdi esitken Yalan'shi degennin' uli Yartashuq «men baraman» dep shig'adi.

Yartashuq bir gezkleri Bamsi Biyrek penen dos bolg'an. Baniw Sheshek Bamsi Biyrekke arnawli shapan tikken eken. Yartashuq sol shapandi tawip alip oni qang'a malip: «Bamsi Biyrektin' o'liminin' belgisi» - dep Bayandurxannin' aldina alip kelip atip uradi. Buni ko'rgen jurt o'gizdey o'kirip, qayta zarlaydi.

Jilap-siqlag'anlardi toqtatiw ushin Bayandur: «Jilaman'lar, shapandi aldi menen Baniwg'a ko'rsetin'ler, Bamsi Biyregine tikken shapanin aniq taniwi kerek» - deydi. Shapandi alip kelip ko'rsetkende ko'zine ottay basilg'an Baniw: «ko'zimdi aship ko'rgenim, ju'regimdi bergenim» – dep almaday betin jirtip, zar en'ireydi.

Sonin' menen Yartashuq Baniwdi almaqshi bolip toy anjamina kirise baslaydi.

Jalg'iz ulinan elede gu'diren u'ze almag'an qart Baybo'ri tiri shig'ar degen niyet penen sawdagerlerin Bamsi Biyrektin' deregin izlewge atlandiradi. Olar talay jerdi aralap en' aqirinda Ga'wirler qamalina keledi. Bul jerde Ga'wirlerdin' ulli bayrami bolip atir eken. Olar awqat jep, sharap iship,  Bamsi Biyrekti zindannan aldirip qobiz tartirip otir eken. Bamsi Biyrek kelgen sawdagerlerden elinde bolip atirg'an an'gimeni toliq esitedi. Qabirg'asi qayisip, en'iz – ten'iz jilaydi.

G'awirler beginin' bir qizi bar edi. Ol ku'nde bir ret Biyrekke kelip ketetu'gin edi. Bu'ginde wa'desi boyinsha kelip Bamsi Biyrektin' kewilsiz otirg'anin ko'rip bunin' sebebin soraydi.

- Qayg’irmayin neteyin, a’ken’e tutqin bolg’anima mine 16 jil boldi, sonnan beri ata- anam, el jurtim qapaliqtan qan qusiwda.

Meni o’ldi dep qaylig’imdi Yartashuq degen birew alajaq eken - deydi Bamsi Biyrek. Buni esitken qiz jigitti ayap buring’idan beter kewli jilip oni unatip qaladi.

- Eger seni tutqinliqtan bosatsamm qaytip kelip meni alasan’ ba ? – deydi. Bamsi Biyrek wa’de beredi. Qiz arqan sheship, batirdi bosatip jiberedi. Bamsi Biyrek eline kiyatirip jolda jayilip ju’rgen Ga’wirlerdin’ jilqisinin’ ishinen o’zinin’ shubar atin ko’redi. Shubar atta oni tanip ja’niwar oqiranip kelip iyesin iyskeleydi.

- Qos janarin’ tu’nde jang’an shiraqtay, qilshiq ju’nin’ jipektey, qos qulag’in’ egizdey, jilqidan shiqqan tulparim zati jilqi bolmasa jan joldasim, qanatim, pirag’im, - dep siypalap ko’zinen su’yip Bamsi Biyrek shubarina sekirip minip, qaydasan’ el – dep tulpardin’ basin jolg’a qoyadi.

Bamsi Biyrek el shetine kelip bir jiraw menen gezlesedi. Onnan Yartashuqtin’ Baniwdi almaqshi ekenligin esitedi. Batir qart jirawdin’ qobizin alip ag’an o’z atin mingizip, o’zi jiraw bolip o’z u’yine keledi.

U’yinin’ qasinda sarqirap ag’ip turatug’in bir bulaq bar edi. Onin’ tu’binde bir bay terek bar edi. Bulaqtan suw aliwg’a botaday bozlap, ko’zinin’ jasi ko’l bolip en’ kishkene qarindasi kele atir eken. «Xabarsiz kelgen jalg’izim ag’ajanim’», «Biyregim» dep en’iregen qarindasinin’ zari batirdin’ qabirg’asin qayistiradi. Shidayalmag’an Bamsi Biyrektin’ ko’zinen jas parlaydi.

Ag’ajan degen so’zin’ ju’regimdi eljiretip, o’zegimdi o’rtep baratir bunsha nege qayg’in’ bar basin’da?

Aldin’dag’i Qarataw,
Kimge jaylaw boldi eken?
Ag’ip turg’an qara suw,

Kimge suwsin boldi eken?
O’ris tolg’an sa’ygu’lik,
Kimge minis boldi eken?
Jipek artilg’an tu’yeler,
Kimge ko’lik boldi eken?
Qatar tigilgen shadirlar,
Kimge saya boldi eken?- dep amanliq soraydi.

Bul o’n’ire de mal da, jan da, ba’ri de jalg’iz ag’am Biyrekte edi, ol ketkenli kimge jaylaw, kimge ko’lik, kimge saya bolip atirg’anin bilmeymen. Esinen adasqan men bir baxti qaradan nege soraysan’, sa’l ju’rsen’iz aldin’da toy bola jaq, sog’an bar, - deydi.

Bamsi Biyrek joldan tu’ye ju’ninen torilg’an bir kenep qalta tawip alip ayirip u’stine kiyip alba-dalba diywana bolip toyg’a keledi. Kelse toy basinda kiyewsimaq birew sadaq tartip otir eken. Diywana onin’ sadaq tartqanina misqinlap ku’ledi. Namislang’an Yartashuq:

- Sorli diywana ne dep tursan’? kel menin’ sadag’imdi tartip ko’r tarta almasan’ basin’di alaman, - deydi.

Diywana tartip qalg’anda sadaq ekige bo’linedi. Siniqlarin jiynap «minawin’ torg’ay atiwdan basqag’a jaramaydi eken» - dep Yartashuqtin’ qolina beredi. Qatti ashiwlang’an Yartashuq «Biyrektin’ sadag’in alip kelin’ler» - dep buyriq beredi.

Sadag’in alip kelip qolina uslatqanda biyrektin’ ko’zinen jas parlap o’tken ku’nleri esine tu’sedi. Sadaqti tartip qalg’anda bolajaq Yartashuq ku’yewdin’ aspanda iliwli turg’an ju’zigi pit-shit boladi.

Hayran bolip irza bolg’an Salarqazan (Qazanbek) diywanani qasina shaqirip og’an xoshamet aytadi. Erkinlik alg’an Bamsi Biyrek birden barip uzatilip atirg’an Baniw menen tillesedi. Baniw Biyrektin’ dawisinan tanip

quwanishi qoynina siymay atqa minip Biyrektin’ a’ke sheshesine shaba jo’neledi. Kele sala:

Qulag’an tawin’ ornina qondi,
Sarqilg’an bulag’in’qayta aqti,
Quwrag’an’ teregin’ qayta ko’gerdi,
Jilqin’ qayta qulinladi,
Tu’yen’ qayta botaladi,
Qoyin’ qayta qoziladi.

16 jil xabar - atarsiz ketken Biyregin’ keldi,- dep ata enesinen su’yinshi soraydi.

O’lgeni qayta tirilip ata-ananin’ so’ngen shirag’i qayta janadi. Bamsi Biyrek son’inda og’uz batirlarin izine ertip, Ga’wirlilerden kegin alip qaytadi. Eline kelip qiriq ku’n oyin,  qiriq ku’n toyin berip Baniw Sheshekti qaytadan aladi.

Aldindag’i da’stanlardag’iday-aq bul jirda da opadarliq basil oring’a ko’terilgen. Ma’selen Baniw Sheshek:

Suwiq-suwiq suwlardan sorar bolsan’,
Ag’am Biyrek solardan ishken edi.
Ag’am Biyrek ketkeli ishkenim joq,
U’yir-u’yir atlardan sorar bolsan’,
Ag’am Biyrek solarg’a mingen edi,
Ag’am Biyrek ketkeli mingenim joq.

Bul pikirler arqali qorqit ata ta’repinen Baniw Sheshektin’ hu’jdani taza haqiyqiy sa’wir yar ekenligi su’wretlenedi.

# Kirisiw

Qorqit ata kitabi ertedegi tu’rkiy xaliqlarinin’ esteligi bolip, onin’ ha’r bir jirin bo’lek-bo’lek da’sta’n dep esaplasaqta boladi. O’ytkeni ha’r bir jirda belgili bir da’wirge tiyisli syujetler, tariyx o’z sa’wleleniwin tapqan. Qorqit ata kitabindag’i Qambora uli Bamsi Biyrek haqqindag’i jirda bas qahraman bolg’an Bamsi Biyrektin’ erlikleri, o’z watanina degen su’yispenshiligi, patryotizm, batirlig’i, erju’rekligi siyaqli paziyletleri teren’ bayanlang’an. Bul jirda biz tek bir waqiyani g’ana emes al sol da’wirdegi waqiyalar, xaliq turmisi, ku’n ko’risi, ma’deniyati, da’stu’rlerin ko’riwimizge boladi.

Bul jirda Bamsi Biyrektin’ tuwiliwi, onin’ Baniw Sheshek penen atastiriliwi, ga’wirler begi ta’repinen urlanip ketiliwi, onin’ quraminda on alti jil tutqinda bolg’anlig’i, bul waqit aralig’inda Yartashuq Bamsi Biyrektin’ o’lgenligi haqqinda ga’p tarqatiwi ha’m onin’ jurtin qisimda uslap basqarip otiriwi, su’ygen yarin tartip almaqshi bolg’anlig’i, qarindasi ha’m ata-anasinin’ k’yiniwleri, keyin ala Bamsi Biyrektin’ tiri ekenligi haqqinda ma’lim boliwi ha’m onin’ eline qaytip dushpanlarinan kek aliwlari sheberlik penen su’wretlengen.

Ha’r bir da’standa bolg’aninday bul da’standa da jaqsiliq ha’m jamanliq ortasinda mudami gu’res boladi. Bul gu’reste Bamsi Biyrek o’zinin’ sabirlilig’i, aqillilig’i, ma’rtligi sebepli ga’wirler u’stinen sen’iske erisip, o’z eline qaytadi. Bu’lingen elin qayta tiklep, su’ygen yarina qayta bolg’an Baniw Sheshek penen birge baxitli o’mir su’rip, elin a’dalat ha’m danishpanlig’i menen basqarip otiradi.

Bul ta’repleri arqali oqiwshilarg’a u’lgi bolip, o’z watanin elede su’yiwge onin’ rawajlaniwina u’les qosiwg’a iytermeleydi, turmista mudami jaqsiliqtin’ jen’iske erisiwin ja’ne bir ma’rte da’lilleydi.

# Juwmaqlaw

G'a'rezsizlikke eriskennen o'zligimiz, tariyximiz, sonin' menen bir qatarda ma'deniy qa'diryatlarimiz, esteliklerimiz qayta tiklendi. Usi orinda Qorqit ata kitabindag'i jirlardin' toliq nusqalardin' tabiliwi ha'm ha'zirde tu'rli tillerge awdariliwi pikirimiz da'lili. Qorqit ata kitabindag'i Qam Bura uli Bamsi Biyrek haqqindag'i jir syujetleri milliy da'stanimiz bolg'an Alpamis da'stanina uqsaslig'i ha'm ayirmashiliqlari izertlendi. Bul jirdi biz erlik ma'rtlik qaharmanliq da'stani dep atasaqta boladi. O'ytkeni ha'r bir qaharmannin' o'z eli ushin janin pida' etiwgede tayarlig'i onin' ushin qarsi kelgen jawg'a bas iymey ayawsiz gu'res alip bariwlari, jirdag'i ten'lik, a'dalat, haqiyqat ushin gu'reskenleri bizdi ruwhlandiradi. Biz a'lbette usi pa'zilletlerdi o'sip kele atirg'an jas a'wladlar sanasina sin'dire alsaq, bay miyrasimizdi qa'dirleytug'in elimiz dawrig'in ko'klerge ko'teretug'in insanlar bolip jetilisip shig'adi. Bunday bay miyraslarimizdi oqiw na'tiyjesinde ruwhiy du'nyamiz aziqlanadi, bayip baradi olardan o'zlerimiz ushin kerk bolag'an ta'replerin yag'niy watandi su'yiw, dosqa sadiqliq, ata-anani hu'rmetlew, a'dalat jolinda hesh na'rseden qaytpaw siyaqli insaniyliq sezimler menen ruwhiy du'nyamizdi suwg'arip bariwimiz kerek.

Bul jirda Qorqit atanin' bul waqiyalarg'a qatnasip otiriwida syujetlerdin' isenimli toliq boliwina sebepshi bolip otiradi. Qorqit ata o'zinin' danalig'i, ka'tqudalig'i, to'reli ken'esleri menen eki eldi birlestirip olardin' ortasindag'i qarim qatnasti bekkemlew maqsetinde eki jaqtin' perzentlerinin' baxitli boliwlarin go'zlegen maqsette sawshiliqqa baradi.

Qorqit ata xaliqtin' kiyingi turmisindag'i bolip o'tken waqiyalarg'a da o'zinin' aqilana ken'eslerin berip el abadanlig'ina o'z u'lesin qosadi.

# Paydalang'an a'debiyatlar


1. I.A. Karimov «Tarixiy xotirasiz kelajak yo'q» Toshkent 2008
2. Q. Matimov «Erte da'wirdegi qaraqalpaq a'debiyati» No'kis 2008
3. K.Palimbetov «Qorqit ata kitabi ha'm qaraqalpaq da'stanlari»
4. K. Mambetov «Erte da'wirdegi qaraqalpaq a'debiyati» No'kis 1992
5. S. Baxadirova «Kitabi dedam kurkut», «Edige», «Qobilan» ha'm ha'zirgi a'debiyat haqqinda oylar, No'kis 1992
6. Internet materiyallari http://www.google.com, www.yandex.ru, www.blogs.rusbg.info, www.e-kyzylorda.gov.kz, www.kazpravda.kz